Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэралыр зыхуейхэм папщIэ заказхэр хэгъэгъэнымкIэ и къэралкомитетым и унафэщIым и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «6» пунктым тету, **Сэнагъэ Алий Лев и кIуэр** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэралыр зыхуейхэм папщIэ заказхэр хэгъэгъэнымкIэ и къэралкомитетым и унафэщIу гъэувын.

2. Мы Указым кIару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налмык къалэ
2008 гъэм дыгъэгъазэм и 2-м
№127-УП

2008 гъэм дыгъэгъазэм и 8-р щымылажьэ махуэу гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Муслымэнхэм я Iуэхущ1апIэм къызэрыхилъхьам тету, Къурмэн махуэшхэм ирихьелIэу **унафэ соиI:**

1. 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 8-р щымылажьэ махуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щытхъуным.

2. Мы Указым кIару егъуэт официальнэу кIыщытредза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налмык къалэ
2008 гъэм дыгъэгъазэм и 3-м
№130-УП

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

ЩытыкIэ гугъуэм пэщIэтын папщIэ

КъБР-м и Правительствэм и Унэм дыгъэгъазэм и 2-м щызэхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и финанс Iуэхущ1апIэхэмрэ экономикэ Iэнатlэхэмрэ я Iуэху зыIутыкIыныныкIэ (мониторинг щIыныкIэ) кIыхьэрагъэпэща гупым и яп зэхыхьэр. Апхуэдэ гуп зэхащIным щхьэусыгъуэ хуэхъуащ дунейпсо финанс кризисыр, а шынагъуэр ди республикэм кIыхьэмыдзу щхьэщыкIыныныкIэ зэкIэпIэхэр кIагъуэтым, абыкIэ зэфIэкIыныхьэхэмрэ гуэныгъэ гъэзыгъэтыпатхъэхэмрэ теухуа унафэхэр кIащтэн папщIэ.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 **Ярин Андрей,** абы и кIуэдзэ **Тхьэхэнбыкъ Мурат,** министерствэхэм, ведомствэхэм, ахIыпэ хуащIэхэм я Iэтащхьаэхэр зыхэта зэIущIэр иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен.** КъыщIыззэхуэса Iуэхуэгъуэм теухуа письлъэмакIым и пэ кьнхуэу Президентыр ахъшэ хъумапIэхэм я гъэкIуэхэм я махуэмкIэ екъуэхъуащ.

- Дунейпсо финансо кризисыр Урысей ФедерацIэм и экономикэм дежкIэ щыпхуигъэунешIуэ зэрыщымытым кхыхэкIкIэ, дэ дыхуэбэлэрыгъ хъунукъым ар ди республикэм и экономикэм кхыззрыпIэсыну щыкIэхэм, - жиIащ Къанокъуэ Арсен. - Щы1эхьэ щыгъэкIэм тепщIыхьмэ, мониторингым мыхьэнэшхуэ щIэщ лэжьакIуэхэм я бжыгъэр гъэмэщIэн хуейуэ кхызыхухъэкI Iуэхущ1апIэхэм кхыIуагъэкI щыхуэзэ гупльитэнщэ мыхъунымкIэ.

Президентым апхуэдэу кхыхигъэщащ хъэрычэтыщ1э курытымрэ хъэрычэтыщ1э щыкIыпчэ гупыльитэ щхьэхуэ зыхуэщIыпхъэхэм зэращIыщр, республикэм хэхьуэ мымащ1э кхыззрыхуахьым кхыхэкIыц, абыхэм къэралыр дэIэпыкIуныр штабым и кьалэн нэхъыщхьэр зэрыщытыр.

- Iэпэдгъэлэл тщIы хъунукъым республикэм кхыщIэжьажь валовэ щыналъэ продуктым и Iыхьэ пIанэр къэзыт мэкъумэш Iэнатlэм зыщIэгъэкъэуэнри. Сыщогуть нобэ зэхэтэуа гупым и лэжьыгъэр фэрыщIагъым хуэмыкIуэму, жэуапIныгъэ зэпыIэ Iуэхур нэгъэсауэ зэфIэфхуэ, - жиIащ Президентым.

Адэкlэ зэIущIэм кхыщIыпсэлъащ КъБР-м экономикэм я зыужьныныгъэмрэ сатумкIэ и министр **Мусуков Алийрэ** гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ министр **Уянаев Кязимрэ.** Я нэIэ щIэт Iуэхущ1апIэхэр мы лъхъэнэм зэрыт щытыкIэм, зыIууа гуфIуехьэхэр зыхуэдэм, я лэжьакIуэхэм щыщ гуэрхэр Iэнатlэнщэ мыхъун папщIэ къагъуэт эхкIыпIэхэм тепсэлъыхьащ «Кавказкабель» ЗАО-м и генеральнэ унафэщI **Бутерус Рольф,** -Тэрчналмэс- ОАО-м и директорхэрэ я советым и Iэтащхьэ **Хьэжу Владимир** сымэ. Апхуэдэу абыхэм жэуап иратащ КъБР-м и Президентымрэ Правительствэм и Унафэщ1ымрэ зыщIэзэупщIахэм.

Кризисым пэщIэтынымкIэ КъБР-м и Правительствэм кхыззрифIэпэща гупым и яп зэIущIэм хэтащ зэгурыIуащ кхыкIэтыкIуэ зэхуэсыгъэм гъуэгу ууакIуэхэм я Iэнатlэр щIапIыкIынымкIэ.

НЫБЭЖЬ Таисэ.

Гаврилов Викторрэ Къанокъуэ Арсенрэ я зэIущIэм.
Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Хъумапlэ банкым республикэм къыхуиутIыпщ ахъшэр игъэмащIэнукъым

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен иджыблагъэ хуэзащ УФ-м и ХъумапIэ банкым и Кавказ Ищхъэрэ банкым и тхьэмадэ Гаврилов Виктор.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ дуней псом финанс Iуэхуэр щыщыIэныкъэ лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэрым финансхэр, кредитхэр кхыззрыхуаутIыпщыну щIыкIэм. Гаврилов Виктор зэрыжиIамкIэ, «банкым КъБР-м и псэуклэр зэлъыта Iэнатlэхэм дяпэкIи ахъшэ къахуиутIыпщынущ, республикэм и унафэщIхэм зэрагурыIуам тету». Къапщтэмэ, аргуэру къытрагъэзэжри щIагъэбдзэжащ Налмык къалэм псэупIэ унэу щы, Iуащхьмахуэ дэкI кIапсэ гъуэгум и етIуанэ Iыхьэр щыным текIуэдэну ахъшэр кхыззрауТIыпщыным теухуауэ ящIыну зэрызэгурыIуаеу щытахэр. Ауэ дяпэкIэ нэхъ яп иракъэшIын хуейуэ къалытащ сырьем елэжь Iэнатlэхэр ахъшэкIэ кхыззэгъэпэщыныр. ЗэIущIэм апхуэдэу щыжаIащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр кредитхэр тыжьынымкIэ зэи кхыззрыщIэмыхуар, абы кхыхэкIыу лъэныкъуитIыр дяпэкIи тэмэму зэдэлэжьэну Iэмалыфlхэр зэрыщыIэр.

ЗэIущIэм щIэсащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 **Ярин Андрей**, УФ-м и ХъумапIэ банкым и Кавказ Ищхъэрэ банкым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщ1 **Урыс Хьэмидбий** сымэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Щэнхабзэ

Билан Димэ саугъэтищ хуагъэфащэ

Москва дэт «Россия» киноконцерт гъэлъэгъуанIэ ныкъ щыгъэхуащ MTV телеканалым хабзэ хуэдизу иригъэкIуэкI, уэрэджьIакIуэ нэхъыфIхэм я цIэр къыщIрагъуэ, абыхэм саугъэтхэр щратыж зи чэзу зэхьыхьэщхэр.

УРЫСЕЙМ MTV-р кызэрыгъэлъагъуэ ильэсищ1ым кьрифыбыдзу, уэрэджьIакIуэ нэхъыфIхэм саугъэтхэр етыныр иджы етхуанэрэ ирагъэкIуэкIауэ аращ. Саугъэт нэхъыбэ дыдэ зыIтьысащ ди хэкуэгъу Билан Димэщ.

Ар "Уэрэджьlакlуэ нэхъыфI", "Поп уэрэдхэр нэхъыфI", "Видео нэхъыфI" унэтIыныгъэхэм я лауреат хъуащ.

АЛИЙ Залинэ.

Гум екIуалIэ

● Узынщагъэ

Лъынтхуэхэр къеГъэлъагъуэ

Дыгъэгъазэм и 2-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу гум екIуалIэ лъынтхуэхэр къэзыгъэлъагъуэ (коронарографиер) Iэмэпсымэм и зэфIэкIыр кьахутащ. Абы папщIэ кьагъэсэбэпащ мультиспиральнэ рентген компьютер томографыр.

- АР УРЫСЕЙ Ищ1эм щыIэ Iэмэпсымэхэм я нэхъыфI дыдэщ, - жиIащ КъБР-м узынщагъэр хъумэныкIэ и министр **Бицу Вадим**, - Апхуэдэ диагностикэ аппаратрэ лъапIэ ди республикэм диIэныр кудкIэ и фIыгъэщ къэралымрэ хъэрычэтыщIэхэмрэ зэдаейуэ зэрызэдэлажьэм иужьрей эманым зыужьныныгъэ зэриГъэтэм. Узынщагъэр хъумэныкIэ министерствэм томографыр зыгъэува «Вилдер-Юг» медицинэ центрым зэгурыIуэныгъэ иригъ1ыIэнущ социальнэ и лъэныкъуэкIэ хуэмыIуа щIыхуэхэм пщIэнщэу зыкъыригъэIыну. Коронароангиографием Iэмал кьалитынущ зи гур узым дызэреIэзэну щIыкIэр нэхъ псынщIэу дубзыхунымкIэ. Нэхъапэм гум екIуалIэ лъынтхуэхэм я лэжьакIэр къэтщIэн папщIэ Москва, Санкт-Петербург, Краснодар щыIэ медицинэ центрхэм ди щIыхуэхэр дгъакIуэу щытащ.

- Мы Iэмэпсымэм узыфэм теуха хъыбар нэхъыбэ кьыуегъащIэ, - жиIащ КъБР-м Узынщагъэр хъумэныкIэ и министерствэм и кардиолог нэхъыщхьэ **Щордан Нодар,** - икIи сымаджэмэ ар кьэтхъэлэрыкъым, апхуэдэуи нэхъ пынагъэущIэщ.

IэмэпсымэщIэмкIэ яп кьэхуэтныгъэхэр зэрырагъэкIуэкIым республикэм и поликлиникэ псомиращIыжьэ кардиолог кIэлъыплъащ. «Тошиба медикал систем» компаниемрэ и лэжьакIуэ **Тугутов Баир** аппаратурэр зэрызэтеухуэн хуейм и гугъу щищIым, кьэхихъэщащ Iэщ1агъэлI лъэщхэр дыззрИэр, 1991 гъэ лъандэрэ компьютер томографыр кьызрагъэсэбэным кьыхэкIыу дохутырэм апхуэдэ Iэмэпсымэм и пIалъэ зэращIэр.

ОборудованэщIэм щIыхуэм пкърыт сыт хуэдэ узыфэри кьунгъэщIэнущ. Нэхъ гугъур гум екIуалIэ лъынтхуэхэм я лэжьакIэр кьэщIэнраци, дохутырым и жьIэр зыгъэзащIэ сымаджэм абы и лъэныкъуэкIэ и Iуэху зытетыр тыншу кьагъэнэIуэнущ.

Iэмэпсымэщ1эр Налмык къалэ Пироговым и цIэкIэ щыIэ уэрамым тет Диагностикэ центрым щагъэуващ.

ТХЬЭХУЩIНЭ Лаиз.



НАТО-м хагъэхьакъым

США-м Инджылызыр, Польшэр, Балтием и къралхэр акыльэгъу ищIауэ, Украинэмрэ Грузиемрэ НАТО-м хишэн и гугъэ щхьакIэ, ар мы эмэн кьекIуэлIакIым.

Альянсым и иужьрей зэIущIэм абы аргуэру кьыщIэпэуващ ФРГ-р, Франджыр, Испаниер, Италиер. НАТО-м и унафэщI Схеффер Яап де Хоол зэрыжиIамкIэ, ар тегуэвыхьхьым, альянсым а къралитIыр хьхьэмэ, Урысейр зэрымыарэзым. НАТО-м хэт къэралхэм я МИД-хэм я унафэщIхэр зэгурыIуащ Украинэмрэ Грузиемрэ дэлэжьэну.

Властыр яхъуэж

Таиландым и Конституцэ судым къэрал унафэр зыIэщIэлъ партыр зэбгриутIыпщыкIащ.

Мыткуншэм гу льатэркъым

Актерыгъэрыуэу щыта, иджы Калифорнием и губернатор Шварценеггер Арнольд жиIащ и унафэм щIэт штатыр финанс щытыкIэ щынагъуэм зэриГыр. Дунейм и кхъукъыщIэ хъулъхьэр зыщIэкIа штатым къэралгъэпэн гу кьыльатэн хуейуэ зыкIэкъуэр. Калифорние штатым и бюджетыр щыпсэу США-м и доллар мелард 11,2-рэ.

Губернаторым шэч лъэпкъ къытриухъэжкъым абы псынщIэу унафэ трамышIыхьмэ, 2009 гъэм и мазаем штатыр зы доллари Iэщ1эмылъыжу утыку кьызэринэжм.

(РИА-НОВОСТИ).

■ 1918 гъэм къэунхуауэ щыташ сербхэм, хорватхэм, словакхэм я пащтыкъыгъуэ щхьэхуитыр. Ар Югославием и яп къэралыгъуэт. 1929 гъэм Югославие зыф1ащ, 1963 гъэм и цIэр СФРЮ-кIэ яхъуэжат. 1992 гъэм а республикхэм я федерацэр лъэпкъэр, къэралри къутэжащ.

■ Дыгъэгъазэм и 4 - 5-хэм Хельсинки (Финляндие) щекIуэкIынущ Европэм и шыналъэ зэIущIэмрэ зэдэлэжьэныкIэ организацэм (ОБСЕ-м) къэрал щIыбI IэхъуэхэмкIэ и министрхэм я Советым и 16-нэ сессиер.

■ Дыгъэгъазэм и 4 - 14-хэм Брюссель (Бельгие) щызэIущIэнущ Европей союзым хьхьэ къэралхэм дыкъэзыхуурерихь дунеймкIэ я министрхэр.

■ Дыгъэгъазэм и 4 - 14-хэм Болонье (Италие) зэхьхьэ щекIуэкIынущ автомобилхэмрэ мотоциклхэмрэ я Дунейпсо гъэлъагъуэм хуэхуэу.

■ **Дыгъэр кьащIэкIащ сыхьэти 7-рэ дакьикъ 23-м, кьухьэжынущ сыхьэт 16-рэ дакьикъ 30-м.**

■ **Махуэм и кIыхьагъэр сыхьэти 9-рэ дакьикъ 7-рэ.**



ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКъУАУЭГъУЭ МАЗЭМ И 1 ЛъАНДЭРЭ КъЫДОКI

№233 (21.391) ● 2008 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 4, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

ЩIыхуэхэм я псэупIэхэр ирагъэфIакIуэ

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зэIущIэм Правительствэм щыгъанэм хуэдизу депутатхэр тепсэлъыхьащ «2008 - 2011 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и псэупIэ фондым хиубыдзу унэ ныкъуэкъутхэм щIыхуэхэр къыщIэгъэIэпхъуэкIыныр», «2008 - 2011 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм фэтэр куэд хьу и псэупIэ унэхэр капитальнэу зэгъэпэщIыжыныр» республикэ программэ щхьэхуэхэр зэрагъэзащIэм.

АБы ТЕУХУАУЭ къыщIэсалъэм, КъБР-м промышленностымкIэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Бэлагъы Борис** жиIащ щIыхуэхэр унэ ныкъуэкъутэхэм къыщIэгъэIэпхъуэкIыным трагъэкIуэдэн папщIэ 2007 гъэм сом мелуан 35-м щIигъу хухахауэ зэрыщытар. Абыхэм ящыщу сом мелуан 21,5-р Тырныауэ кьалэм щы-

Iуэн 4-м щыпсэу унагъуэхэр ягъэIэпхъуэн папщIэ Iуащхьмахуэ муниципальнэ районым, сом мелуани 8-р унагъуэ 15-м псэупIэхэр кIыхьащхьэр папщIэ Щэрджэм муниципальнэ районым, сом мелуани 5,6-р Дзэлыкъуэ къуажэ дэт уни 2-м щIэс унагъуэ 16-р ягъэIэпхъуэн папщIэ Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым ирагащ.

«2008 - 2011 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и псэупIэ фондым хиубыдэ унэ ныкъуэкъутэхэм щIыхуэхэр къыщIэгъэIэпхъуэкIыныр», «2008 - 2011 гъэхэм псэупIэ фондым щыщу ныкъуэкъутэ хьуахэм щIыхуэхэр къыщIэгъэIэпхъуэкIыным республикэ программэхэр зэблэу кхыхэмыкIыу ягъэзащIэ.

Бэлагъы Борис и докладым тепсэлъыхьа иужь, Президиумым хэтхэм КъБР-м и Правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и кьалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ я администрацIэхэм чэнджэщ ирагащ фэтэр куэд хьу унэхэр зэрагъэпэщыжьэн папщIэ хуэхьа ахъшэр тэмэму икIи и эзнаным хуэгубыдэу кьыззрагъэсэбэпым нэхъ ткIийуэ кIэлъыплъыну. Апхуэдэу щIыпIэ самоуправленэм и органхэм я пщIэ иралъхьащ унэ кхъахэхэм щIэсхэр кьыщIэгъэIэпхъуэкIыным хуэунэнтIа лъэжьыгъэхэр нэхъ жыджэру кьыззрагъэпэщыну.

БАТЫР Любэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

«Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ Ди щIэджькIакIуэ лъапIэхэ!

Фигу кьыдогъэкIыж 2009 гъэм и яп илъэс ныкъуэм кьыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедэныр зэрекIуэкIыр. Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэр сом 356-рэ кIэпIейкIи 10-рэщ. «Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущ1апIэ псоми.

Ди индексыр 51531

Анэм и махуэм

АДЫГЕЙ, *«Анэм и махуэр» ягъэлъапIэу республикэм щагъэпажаш анэ зыныфIэхэр, сабий ныкъуэкъуэу зиIэхэр, хьэрычэт щIэн Iуэхум хэт унэгуащэхэр.*

РЕСПУБЛИКэМ и щыIэбзэхэм я зэгуэхьэныгъэм кьыззритамкIэ, анэхэм ирата саугъэт лъапIэхэр дуней псом щыIэрыпсэ дыщэкI Еутых Ася и Iэдакъэщ1экIащ.

Гульытэ зэхуа зыхьуащIэхэм ящыщщ Мейкъуапэ районым хьихьэ Даховская жылагъуэм щыпсэу Малахатхэ Людмилэ. Абы езым ейуэ сабиитхэу, зрищэлIауэ тIу епI. УнагъуэщIэ бынфIэу кьалъытащ Адыгейск кьалэм щыщ Щоджэнхэ ФатIимэрэ (илъэс 31-рэ) Аслъэнрэ (илъэс 34-рэ). Абыхэм сабиибл эздапI. Хьэкурыпнэхьблэ щыщ Мэрэтыкъуэ Ларисэ сабиипIлым я анэщ. Бизнес щIыкIым екъулIэныгъэ щызыIэ щыхубзщ.

Абыхэм ирата дипломхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ кьабгъэзакIащ Адыгейм и Щыхубзхэм я зэгуэхьэныгъэм, республикэм Социальнэ зыужьныныгъэмкIэ, экономикэ зыужьныныгъэмкIэ и министерствэхэм, «Зыуэ щыт Урысей» партым и щIыналъэ кьудамэм, Щылэгъуалэ IуэхуэхэмкIэ и комитетым.

Хьэрычэтыщ1эхэм я жэрдэм

АБХЬАЗ. *Урысей Федерацэм и хьэрычэтыщ1э гуп иджыблагъэ республикэм и Президент Бэгъэлэщ Сергей Iущащ ткIи Абхьазым и экономикэм нэхъ псынщIэу зыужьа хьунымкIэ я1э гупсысэхэмкIэ зэхуэхащ.*

УРЫСЕЙ хьэрычэтыщ1эхэр хэтащ «Кьалэм инвестицэ кьешэзIэныр» зэIущIэм щхьэхуэ къэкIуэнымкIэ» зи фIэщыгъэ1цэу екIуэкIа «СтIол хуэрейм». Абы кьыззрыщIыхьащмкIэ, республикэм зиужьыным сэбэп хуэхьнущ СНГ-м хьхьэ къэралыгъуэхэм я лIыкIуэхэр зыхэт экономикэ форумхэр щыналъэм щегъэкIуэкIыныр. Апхуэдэ Iуэхукlэ етIанэтъэ зэхэхьэну я мурадщ.

Хьэщ1эхэм апхуэдэу жалащ Сыхъум и кьуэхуьльатэ тельэтыкIыпIэр кьэгъэщIэрэщ1эжьныкIэ хэгъэрейхэм кьадэIэпхъуэныгъэмкIэ, Экономикэ зыужьныгъэмкIэ и министерствэхэм, «Зыуэ щыт Урысей» партым и щIыналъэ кьудамэм, Щылэгъуалэ IуэхуэхэмкIэ и комитетым.

Арэшыкьуэр кьокIуэ

КъЭРЭЗШЕЙ.-ШЭРДжЭС. *Хьэбзэ районым администрацэм и Iуэхуэхэр зезыгъакIуэ КIэм Назир зэрыжиIамкIэ, куейм и унафэщI Шыбзыхьуэ Мухьэрбий и кьуэлыкьуэм текIащ езым и фIэфыныгъэкIэ.*

ШЫБЗЫХЬУЭ Мухьэрбий и кьуэлыкьуэм щIытекIам и щхьэусыгъуэр хэIущIыIу ищIакьым. Хьэбзэ район администрацэм и унафэщIым и кьалэнхэр 2009 гъэм гъатхэпэм и 1 пщIондэ, тхьэмадэщIэр захьыху, игъэззэщIынущ Арэшыкьуэ Рауф.

ХЬэЩЫКЪУЕЙ Олег.

Хьэрычэтыщ1эхэм я Iуэхуэхэр зезыгъакIуэ КIэм Назир зэрыжиIамкIэ, куейм и унафэщI Шыбзыхьуэ Мухьэрбий и кьуэлыкьуэм текIащ езым и фIэфыныгъэкIэ.

Лъэпкъ Iуущгъэ:

Бысымыр хьэщIэм и Iуэхутхьэбзащ1эщ.

Редакцэм и ящIэныгъэ

Редакцэм и унафэщI Тлотлокъуэ Мурат

Редакцэм и адрес: 385000, Мыекъуапэ, Пушкин ц1. 289

Телефонхэр: 52-59-51, факс 52-59-51

Редакцэм и сайт: http://adygheps.com

Редакцэм и e-mail: adyghe@mail.ru

Редакцэм и e-mail: adyghepsale.ru

Газетым и ц1эр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я газет. Газета Парламента и Правительства КБР

Учредитель: Адыгэ Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ я Унэ

Газетым ящыгъуэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и Унафэ

2008 гъэм щэкIуэгъуэм и 28-м *№83-РП*

1. Дуней псом финанс Iуэхуэхэр зэрыщыгъэIыхьам кьыхэкIыу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и финансхэмрэ экономикэм и ЕнатIэхэмрэ я Iуэхуэхэр зэрекIуэкIам кIэлъыплъыну штаб кьыдзэгъэпэщыж.

2. Къэщтэн мы унафэм щIыгъуэху:

дуней псом финанс Iуэхуэхэр зэрыщыгъэIыхьам кьыхэкIыу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и финансхэмрэ экономикэм и ЕнатIэхэмрэ я Iуэхуэхэр зэрекIуэкIам кIэлъыплъыну штабым хэтхэр;

дуней псом финанс Iуэхуэхэр зэрыщыгъэIыхьам и Iуэжьу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и финансхэмрэ экономикэм и ЕнатIэхэм я щытыкIэмрэ зэран хуэхъуну щыIэхэм кьахьыну хэщIыныгъэхэр гъэмэщIыжьмкIэ лжьхьыпхъэхэм я планыр;

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и финансхэмрэ экономикэм и ЕнатIэхэмрэ щIыIэ щытыкIэр зыгъэщIэныр зытращIыхьыну Iуэхуэгъуэхэр.

3. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и министерствохэмрэ ведомствохэмрэ яхуэгъэзывын езыхэм я унафэм щIэт ЕнатIэхэм я финанс щытыкIэм теухуа хьыбарыр тхьэмахуэ къэс Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и финансхэмрэ экономикэм и ЕнатIэхэмрэ я Iуэхуэхэр зэрекIуэкIам кIэлъыплъ штабым иратыну.

4. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щылажьэ кредит, страховой Iуэхуэщ1ап1эхэм чэнджэщ етын дуней псом финанс щытыкIэр зэрыщыгъэIыхьам екъэIлауэ Къалькъуокl Iугъуэхъэжьам ятеухуа хьыбарыр тхьэмахуэ къэс Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и финансхэмрэ экономикэм и ЕнатIэхэмрэ я Iуэхуэхэр зэрекIуэкIам кIэлъыплъ штабым иратыну.

5. Республикэм и экономикэм и финанс ЕнатIэм и щытыкIэм теухуа хьыбарыр маэ я къэс махуэ 20-нэм фIэмыкIыу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм иратын хуэеIщ.

6. Мы унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэм илъхьэн Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 Ярин Андрей.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым 2008 гъэм щэкIуэгъуэм и 28-м кьыдигъэкIа унафэ №83-РП-мкIэ кьыщтащ

Дуней псом финанс Iуэхуэхэр зэрыщыгъэIыхьам кьыхэкIыу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и финансхэмрэ экономикэм и ЕнатIэхэмрэ я Iуэхуэхэр зэрекIуэкIам кIэлъыплъыну штабым

ХЭТХЭР

Кьанокьуэ А.Б. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентыр *(штабым и унафэщIш)*

Ярин А.В. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ыр *(штабым и унафэщIым и къуэдзэш)*

Ажахъуэ Къ.М. - «Бум-Банк» ООО коммерческэ банкым и правлензм и тхьэмадэр *(эгъэрыIуауэ)*

АфэщIагъуэ М.Хь. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм уэхэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министр

Быныгн А.А. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министрыр

Къуэдзокьуэ М.М. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щIыхьэхэр зэкIэлъыкIэ кьыдзэгъэпэщынымкIэ и къэрал комитетым и унафэщIыр

Мусуков А.ТI. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм экономикэ зыужьынигъэмрэ сатумкIэ и министр

Суншъ А.А. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм транспортымкIэ, связымкIэ, гъэуэгу хозяйствэмкIэ и министр

Ткаченкэ А.А. - Федеральнэ налог кьудыкъым и Управленэу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(эгъэрыIуауэ)*

ТхьэзэпIыж М.ТI. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и япэ къуэдзэр

ТхьэмокIуэ А.Чъ. - Урысей Федерацэм и Банк нэхъыщIэхэм Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щыIэ и Лъэпкъ банкым и тхьэмадэр *(эгъэрыIуауэ)*

Урысбий Хь.Хь. - Урысей Федерацэм и Хьэмпi Iэ банкым и Кавказ Ищхьэрэ банкым и Къэбэрдей-Балкъэр кьудамэ №8631-м и унафэщIыр *(эгъэрыIуауэ)*

Уэнаев К.Хь.-М. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм промышленностымкIэ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр

Эндреев Б.А. - «Налшык» банк ООО-м и правлензм и тхьэмадэр *(эгъэрыIуауэ)*

Ерчэн Т.Хъу. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм мэкъумэщI хозяйствэмрэ ерыскьыпхъэмкIэ и министр

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и ЩIыхь тхьилъым теухуа Положенэм, а тхьилъыр зыхуэдэр кьыбгурызыгъаIуэ тхыгъэмрэ эскизымрэ я Iуэхуэкlэ» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и унафэмрэ Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и ЩIыхь тхьилъым теухуа Положенэмрэ зэхъуэкIынигъэхэр хэлъхьэным и лъэныкъуэкIэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и ЩIыхь тхьилъым теухуа Положенэм, а тхьилъыр зыхуэдэр кьыбгурызыгъаIуэ тхыгъэмрэ эскизымрэ я Iуэхуэкlэ» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым 1998 гъэм гъатхэпэм и 31-м кьыщта унафэ №12-П-П-м мы кьыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIынигъэхэр хэлъхьэн:

1) Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и ЩIыхь тхьилъыр зыхуэдэр кьыбгурызыгъаIуэ тхыгъэм:

а) етхуанэ абзацым хэт «геральдика дамыгъэр темыту» псалъэхэр хэгъэкIын, «адыгэбзэкIэ сатырищу зэтету (плъыжькIэ) тратхэ «бгъэдэлъ фIыщIэхэм папщIэ ират...» псалъэхэр зэхъуэкIын «наградэр зэрыратым теухуауэ адыгэбзэкIэ (плъыжькIэ)» жиIэу;

б) еханэ абзацыр мы кьыкIэлъыкIуэ зэрадэу кьэхъын:

«СэмэгурабгъумкIэ и лъабжьэ планэхэм хуэзэу урысыбзэкIэ (плъыжькIэ) тратхэ: «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1» икIи Iэ щIэдзыпIэ кьыкуэкIыну. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1ым и унэщIмрэ абы и цIэм и кьегъэжьапIэ хьэрфымрэ а сатыр дыдэм хуэзэу ижьрабгъэ планэпэмкIэ екъэкIауэ тратхэ. «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1» тхыгъэмрэ Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1ым и унэщIмрэ, и цIэм и кьегъэжьапIэ хьэрфыр кьыщыгъэлъэгъуэ тхыгъэмрэ я зэхуакум Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и мыхъурыр трагъауэ.

А псалъэхэм я лъабжьэм хуэзэу и кум иту урысыбзэкIэ (фIыщIэкIэ) «Налшык къалэ», нэхъри къехьэхауэ - наградэр щрата зэманыр, ещанэ сатыру кIэуэу - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и и Президиумым и унафэм и номерыр иратхэ.»;

2) Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и ЩIыхь тхьилъым и эскизыщIэр къэщтэн (мы унафэм щIыгъуу).

2. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и ЩIыхь тхьилъым теухуа Положенэу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым 2004 гъэм бадзэуэгъуэм и 8-м къыдигъэкIа унафэ №250-П-П-мкIэ кьыщтам мы кьыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIынигъэхэр хэлъхьэн:

1) пункт 4-м хэт «районхэмрэ республикэ унафэм щIэт къалэхэмрэ» зэхъуэкIын «муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ» жиIэу;

2) пункт 10-м хэт «КъБР-м и Парламентым» псалъэхэр хэгъэкIын;

3) пункт 11-м и етIуанэ абзацым хэт «районхэмрэ республикэ унафэм щIэт къалэхэмрэ» псалъэхэр зэхъуэкIын «муниципальнэ районхэмрэ» жиIэу, «зыкъуэфащэ щIыналъэхэм» псалъэхэр зэхъуэкIын «зыкъуэфащэ муниципальнэ щIыналъэхэм» жиIэу.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм щэкIуэгъуэм и 13-м
№1556-П-П

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и ЩIыхь тхьилъым теухуа Положенэм, а тхьилъыр зыхуэдэр кьыбгурызыгъаIуэ тхыгъэмрэ эскизымрэ я Iуэхуэкlэ» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и унафэмрэ Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и ЩIыхь тхьилъым теухуа положенэмрэ зэхъуэкIынигъэхэр хэлъхьэным и лъэныкъуэкIэ» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым 2008 гъэм щэкIуэгъуэм и 13-м кьыщта унафэм и гуэдзэн

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и ЩIыхь тхьилъым и эскизыр

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и ЩIыхь тхьилъым и IуплъапIэр

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и ЩIыхь тхьилъым и къыз1упха нэужь дэлъ тхыгъэм и IуплъапIэр



Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламент Къабарты-Малкъар Республиканы Парламенти Парламент Кабардино-Балкарской Республики

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и ЩIыхь тхьилъым и къыз1этпха нэужь сэмэгурабгъу лъэныкъуэм и теплъэр

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и ЩIыхь тхьилъым и тхыгъэр къыз1эупха нэужь и ижьырабгъу лъэныкъуэм и теплъэр

Дуней псор зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм ящыщы гъэзэгъэм кьыщыхъу насыпыншагъэм зэрыхэхъуэр, абыхъэм цIыху куэд зэрыхэхъуэр. Дыгъэрыт ятхъэсым Урысейм машинэ зэжьхэуэу мин 200-м щIигъу кьыщыхъуащ. Абыхъэм хэкIуэдащ цIыху мин 22-м нэблагъэ, фбдыкъэзыхахэр мин 200-м щIегъу.

2005 ГЪЭМ жэпуэгъуэм и 26-м ООН-м и Генеральнэ Асамблеем и унафэкIэ щэкIуэгъуэм и ещанэ тхьэмахуэ махуэр Гъуэгум кьыщыхъу насыпыншагъэм хэкIуадзэм я Дунейпсо фэепль махуэу ягъэуващ. Мы гъэм ар щэкIуэгъуэм и 16-м техуащ.

Абы ирихьэлIэу Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм ГИБДД-мкIэ и Управленэм щекIуэкIа «стол хъурейм» зэпкьрыхауэ щытепсэльыхьащ республикэм и къэрал инспекцэм я мазипщI iэжьыгъэм кьрикIуахэм, щытыкIэр егъэфIэкIуахэм и хэкIыпIэхэр зыхалъагъуэхэм кьытеувыIащ.

ЗэIущIэ езыгъэкIуэкIа УГИБДД-м и унафэщI **Кьудей Арсен** кьыхэзыхгъэщамкIэ, дызырыт ильысым республикэм и гъэзэгъэм аварие 618-рэ кьыщыхъуаути, цIыхуи 177-рэ хэкIуадзащ, 777-м фэбжь хахащ. Гъэзэгъэ щыIэзэкIуэ хабзэкэр мин 6 жыгъэкIэ кьыхэпауд, нэхъыбэу щIалэгъуаэлращ абыкIэ ерыщыр.

- Фэеплъ махуэм теуху Iуэхуэгъуэхэр дуней псом щрагъэкIуэкI, Урысейри абы ыхьэу. Дэри ар гупытэнщэу кьэдгъанэркъым. «Гъэмахуэ узынщэ - 2008- республикIэ акIэм хиубыдэу гъэгуэхэм зэрыщызекIуэ хабзэм теухуа зэпеуэ зэмылIуэхьыгъуэхэр щедгъэкIуэкIащ лъахэм и кьалэхэм, районхэм щыIэ сабий зыгъэпсэхупIэхэм, я узынщагъэ щрагъэфIакIуэ Iуэхуэщ1апIэхэм. Насыпыншагъэм хэкIуадзахэм я дунейпсо фэеплъ махуэм теуху зэIущIэхэр автоинспекцэм и унафэщIхэм иращагъэкIуэкIащ, дин Iуэхуэщ1апIэхэм я лIыхъэхэр хэту, жиIащ инспектор нэхъыщIхэм.

Адэкlэ Кьудей Арсен кьытеувыIащ гъэзэгъэм и Министерствэ и Унафэщ1ым и гъэмэщIэным теуху хуаущ. Гъэмэщ1ым теуху зэрыщызекIуэ хабзэр кьызыгъэлъагъуэ. ЛъэныкъуэгъажькIэ ущыщIэкIуэ гъэзэгъэм щыщ кьохуэ, Лъэсырыкlуэ хэрщи, абыхъэм я нэхъыбэм гъэзэгъэ зэпаупщI кьыщемыззэгъ щIыпIэм. Нэгъабэ ди республикэм кьыщыхъуа аварие хэмэ щыхуэ 214-рэ хэкIуадзащ. Зэрыщыгъу Урысейр кьапщтэмэ, махуэ къэс щыхуэ 100. Пэжщ иджыпсту а бжыгъэкэр нэхъ мащIэ хуауащ.

- Щытыкlэр егъэфIэкIуэныр къэрал автоинспекцэм и лэжьакIуэхэм я закъуэкIэ зэфIэкIныкъым. Абы ирипейтенэ хуейщ рулым дэсэри пъэсырыкlуэхэри. Иджыпсту цIыхухэм гупытэ хуащI къэдгъэссэбэп IэмэпсымэщIэкэм - видеофиксаторхэм. Федерал, республикэ программэхэм япкъ иткIэ апхуэдэу 12 кьыт1эрыхьащ, илъэсыми я Iуэхугъуэхэм зэрыщызекIуэ хабзэхэр къыз1эпаудыныр гъэмэщIыжьмкIэ. ГИБДД-м и лэжьакIуэхэм кьаухтэ кьуанщагъэхэм теухуа хьыбар муниципалитетэм Iэрагъэхъэ ныкъуасныгъэхэр ягъэзащIкIуэжьын папщIэ. Иджыри кьыхьыгоугъэшри, властхэмрэ ГИБДД-мрэ я закъуэкIэ зэфIэкъухукъым дызыгъэпIейтей Iуэжр, ар псоми дн зэхуэдэ, псоми ди сабэп зыхэтыщи дыгъэфIэкIуэныр, я къуэрыгъэкIуэкIын техникэ яхурикъуркъым. Итланэми, хуэфащэ щIэныгъэ бгъэдалъхьауэ кьыщIрагъэдзри, экзаменхэр ятынымкIэ.

Комиссэм учреждэ кьыщтэнуц. Ауэ дэ кьыхэтлъхьащ иджырей зэманым хьезэгъуэ кьызэгъэпэщауэ, зи Iэщ1агъэм хуэзнжь етэжджаIуэхэр щылажьэ автоеджапIэ нэхъ инэ зыбжанэ къэгъанэуэ адрейхэр зэхэущыкьыхпхъэу, - жиIащ Кьудей Арсен.

Журналистхэм я упщIэхэм жэуап иратащ КъБР-мкIэ МВД-м и УГИБДД-м и унафэщIым и къуэдзэ къэ **Тэтрокьуэ СультIанрэ Эристаев Абдурахьманрэ**, кIэлъыплъныныгъэмкIэ кьудамэм и унафэщIым и къуэдзэ **Кхъуэтепыхъэ Владимир**, УГИБДД-м и юрисконсульт нэхъыжь **Абазэ Мурат**,пщIэрылъ хэхаэмкIэ кьудамэм и инспектор нэхъыжь **Бищо Заур**, «Медицинэ къэхъукьащIэхэмкIэ Къэбэрдей-Балкъэр центр» къэрал Iуэхуэщ1апIэм и унафэщI **Кьардэн Алим** сымэ, нэгъуэщIхэри.

Гъэзэгъэм кьыщыхъу гъэзэгъэ хэр гъэмэщIэным гупытэ хэха хуамыщIу зэрымыхъуэжьнум и щыхьэтщI КъБР-м и дин Iуэхущ1апIэ хэм я унафэщIхэмрэ Кьудей Арсенрэ я Iэр зыщIэлъ тхыгъэкIэ зэрызыхагъэзащ гъэзэгъэм щыIэ псомri.

УЭРЦОКЪУЭ Женя.

●Дэ къытхуатх

Щапхъэ трах

Ди зэман мытынышм къуажэдэсым и гурыгъу-гурыщIэхэмкIэ пIэлъэ зызыхуигъаззэр щыпсэу жылэм и унафэщIырщ. Ар епхьэлIа Iуэхум кьедгъэIуэфрэ уэзхищIыкIыну къэпсалъэмэ, куэд и уасэщ. Абы щыхум хуиIэ бгъэдахьэкIэм елъытауэщ дзыхьрэ нэмысрэ кьызэрыхуащIынур.

КъУАЖЭМ и псэукIэр ефIэкIуэным, дэтхэнэ зы цIыхури гулъытэншэу кьызэрымыняным хуолажьэ Кэнжэ кIуэуажэ администрацэм и унафэщI Пщыногъуэ Олег. Ар сыт и лъэныкъэкIи щапхъэ зытрах щIалэщ.

Куэд щIакъым Олег кьуажэм и Iэтащхьэ зэрагъэуврэ, ауэ а зэман кIэщIым абы хуэзфIэкIащ кьуажэдэсхэм я гум дыкъэн. Пщыногъуэр ящыщщ и пIэлъэм тебгъуэтэж унафэщIхэм.

ИгъащIэми къэкIуэкI кьуажэ Iэтащхьэхэм мылькур кьаймащIэкIрэ кьабгъэдыкьэ псоми зэрызыщIатэкъэм Iэмал ямыIэу. Абы къыхэкIыу кьуажэм сэбэп хуэхъун папщIэ, Пщыногъуэм кьегъэсэбэп зыгъэркIэ щIэгъэкъуэн кьыфIэкIу Iэмал зиIэ и ныбжьэгъуэхэри, и кьулыкъуэм кьиубыд лъэкIыныгъэхэри.

ЦIыху щхьэхуэхэм зыкъызэрыхуагъазэхэмкIэ зэрадэIэпыкъуэм кьыдэкIуэу, Олег лэжьыгъэфI куэд щызэфIех кьуажэм. Ар Iэнатlэм щыпхырыкIащ псом япэу кьуажэм и лъэныкъуитIыр зэпызыщIэ лъэмыжыгъ зыхуэй хуриГъэгъэзащ, уэздыгъэ пкъохэр щIигъэгъозагъэ, кажджыт бжэIупэр зэпэщ щыным, Щэнхабзэмкlэ унэр и кIэм нэгъэсным кьаруу Iуэхущ ирихьэлIащ. Абы и дэIэпыкъунигъэкIэ фокIадэм и 20-м кэнжадзэ щIалэгъуалэм папщIэ пшыхь дахэ, абы саугъэт лъапIэхэри зыпэмIуэ Iэмал зиIэ Iуэхуэгъэ хэту, кьызэригъэпэщащ. Апхуэдэ зэхъыхьэм ныбжьыщIэхэр нэхъри зэкъуэгъэкIуэ, гъэшхуэм я гъэпсыгъуэ Iуэхущ1ыр, насыпрэ фIыгъуэрэ Iуэхущ1ыр и унагъуэм кьрилъхьэну.

Къуажэдэсхэу **Дзу Хуркlэ, Хьуажь Анн, Тау Лиз, Ало Сенэ, Ян Риммэ, Пуп Хьэбий, Хьэмгуокъуэ Аслъэн.**

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и «Къэбэрдей-Балкъэр геолого-кьэхутакIуэ экспедиц» къэрал предприятэм и кьыдзэгъэпэщыкIэр зэхъуэкIыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2008 гъэм щэкIуэгъуэм и 28-м *№262-ПП*

«Къэрал, муниципальнэ предприятэ зэгуэтхэм я Iуэхукlэ» 2002 гъэм щэкIуэгъуэм и 14-м кьащта Федеральнэ закон №161-ФЗ-м, «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и къэрал мылькыр зехьэным и Iуэхукlэ» 2001 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м кьащта Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Закон №70-РЗ-м япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и «Къэбэрдей-Балкъэр геолого-кьэхутакIуэ экспедиц» къэрал предприятэм и кьызэгъэпэщыкIэр зэхъуэкIын икIи ар Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и «Къббалькъгеомониторинг» щIыналъэ центр» къэрал предприятэм хэгъэхьэжьын.

2. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Къэрал мылькыр зехьэнымрэ щIы ресурсхэмкIэ и министерствэм (Сэхъу М. И.) хуэгъэувын:

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и къэрал предприятэм и кьызэгъэпэщыкIэр зэхъуэкIыным теухуауэ мы унафэм и пункт 1-м кьыщыгъэлъэгъуар гъэзэщIэныжьмкIэ зыхуэфащэ юридическэ Iуэхуэхэр щыIэ хабзэхэм тету зэфIегъэкIыну;

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и «Къэбэрдей-Балкъэр геолого-кьэхутакIуэ экспедиц» къэрал предприятэм и уставым зыхуэфащэ зэхъуэкIынигъэхэр зы мазэм кьрибыдэу хильхьэну;

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и «Къэбэрдей-Балкъэр геолого-кьэхутакIуэ экспедиц» къэрал предприятэм лэжьигъэ кьащигъэсэбэпын папщIэ ирагъэбыдыпIэ мылькур игъэбеджьыну.

3. Мы унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и япэ къуэдзэ Тхьэзэпlыж М. ТI.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 ЯРИНАндрей

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и «Эльбрус» тхыль тедзапIэ» къэрал предприятэм и кьызэгъэпэщыкIэр зэхъуэкIыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2008 гъэм щэкIуэгъуэм и 28-м *№263-ПП*

«Къэрал, муниципальнэ предприятэ зэгуэтхэм я Iуэхукlэ» 2002 гъэм щэкIуэгъуэм и 14-м кьащта Федеральнэ закон №161-ФЗ-м, «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и къэрал мылькыр зехьэным и Iуэхукlэ» 2001 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м кьащта Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Закон №70-РЗ-м япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и «Эльбрус» тхыль тедзапIэ» къэрал предприятэм и кьызэгъэпэщыкIэр зэхъуэкIын икIи ар Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Шэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и министерствэм и ведомствэ унафэм щIэт «Эльбрус» тхыль тедзапIэ» къэрал Iуэхущ1апIэ щыIэн.

2. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Къэрал мылькыр зехьэнымрэ щIы ресурсхэмкIэ и министерствэм (Сэхъу М. И.) хуэгъэувын Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Шэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и министерствэм щIыгъуу къэрал предприятэм и кьызэгъэпэщыкIэр зэхъуэкIыным теухуауэ мы унафэм и пункт 1-м кьыщыгъэлъэгъуар гъэзэщIэныжьмкIэ зыхуэфащэ юридическэ Iуэхуэхэр щыIэ хабзэхэм тету зэфIегъэкIыну.

3. «Эльбрус» тхыль тедзапIэ» къэрал Iуэхущ1апIэм нэхъыбэ дыдэу щылажьэм я бжыгъэр щIыху 45-рэ, абыхъэ я мазэ лэжьапщIэ фондыр сом мин 329,26-рэ хьууэ гъэувын.

4. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Финансхэмкlэ и министерствэм (Быныгн А. А.) хуэгъэувын Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и республикэ бюджетэр щыIэхилъхьэкIэ «Эльбрус» тхыль тедзапIэ» къэрал Iуэхущ1апIэр лэжьэн папщIэ зыхуей ахьыщэ «Шэнхабзэр, кинематографиер, цIыхуфэ хьыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэр» Iыхьэм и «тхыль тедзапIэ» хэр» и Iыхьэ кьуэдэм кьыщилъытэну.

5. Мы унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и япэ къуэдзэ Тхьэзэпlыж М. ТI.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 ЯРИНАндрей

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и республикэ щIалэгъуалэ информацэ-аналитикэ центр» къэрал Iуэхущ1апIэ» зэхъуэщIыжьыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2008 гъэм щэкIуэгъуэм и 28-м *№264-ПП*

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и республикэ щIалэгъуалэ информацэ-аналитикэ центр» къэрал Iуэхущ1апIэр адэкIэ сэбэпынагъ ыпIуэ зэрымылэжьэфынум кьыхэкIыу «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и республикэ щIалэгъуалэ информацэ-аналитикэ центр» къэрал Iуэхущ1апIэр зэхъуэщIыжьыным теухуа Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Спортымрэ туризмэмкlэ и министерствэм кьыхилъхьар кьэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Спортымрэ туризмэмкlэ и министерствэм (АфIэунэ А. М.) хуэгъэувын Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Къэрал мылькыр зехьэнымрэ щIы ресурсхэмкlэ и министерствэм щIы ресурсхэмкlэ и министерствэм щIалэгъуалэ информацэ-аналитикэ центр» къэрал Iуэхущ1апIэ» зэхъуэщIыжьыным пыщIа зыхуэфащэ юридическэ Iуэхуэхэр зэфIегъэкIыну.

3. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ Дышъэкl М. Т.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 ЯРИН Андрей

ЗэхъуэкIынигъэфIхэм ПОПЛЪЭ

●ЗэIущIэхэр

«Иджырей зэманым и дирижёр щэджащэ» - апхуэдэу хужаIэ Темыркъан Хьэту и къуэ Юрэ. Дыгъэгъазэм и 10-м ар илъэс 70 ирокIу.

Сурэтыр 2008 гъэм трахащ.

Федерал, республикэ программэхэм япкъ иткIэ апхуэдэу 12 кьыт1эрыхьащ, илъэсыми я Iуэхугъуэхэм зэрыщызекIуэ хабзэхэр къыз1эпаудныр гъэмэщIыжьмкIэ. ГИБДД-м и лэжьакIуэхэм кьаухтэ кьуанщагъэхэм теухуа хьыбар муниципалитетэм Iэрагъэхъэ ныкъуасныгъэхэр ягъэзащIкIуэжьын папщIэ. Иджыри кьыхьыгоугъэшри, властхэмрэ ГИБДД-мрэ я закъуэкIэ зэфIэкъухукъым дызыгъэпIейтей Iуэжр, ар псоми ди зэхуэдэ, псоми ди сабэп зыхэтыщи дыгъэфIэкIуэныр, я къуэрыгъэкIуэкIын техникэ яхурикъуркъым. Итланэми, хуэфащэ щIэныгъэ бгъэдалъхьауэ кьыщIрагъэдзри, экзаменхэр ятынымкIэ.

Комиссэм учреждэ кьыщтэнуц. Ауэ дэ кьыхэтлъхьащ иджырей зэманым хьезэгъуэ кьызэгъэпэщауэ, зи Iэщ1агъэм хуэзнжь етэжджаIуэхэр щылажьэ автоеджапIэ нэхъ инэ зыбжанэ къэгъанэуэ адрейхэр зэхъуэщIыжьыным, - жиIащ Кьудей Арсен.

Журналистхэм я упщIэхэм жэуап иратащ КъБР-мкIэ МВД-м и УГИБДД-м и унафэщIым и къуэдзэ къэ **Тэтрокьуэ СультIанрэ Эристаев Абдурахьманрэ**, кIэлъыплъныныгъэмкIэ кьудамэм и унафэщIым и къуэдзэ **Кхъуэтепыхъэ Владимир**, УГИБДД-м и юрисконсульт нэхъыжь **Абазэ Мурат**,пщIэрылъ хэхаэмкIэ кьудамэм и инспектор нэхъыжь **Бищо Заур**, «Медицинэ къэхъукьащIэхэмкIэ Къэбэрдей-Балкъэр центр» къэрал Iуэхущ1апIэм и унафэщI **Кьардэн Алим** сымэ, нэгъуэщIхэри.

Гъэзэгъэм кьыщыхъу гъэзэгъэ хэр гъэмэщIэным гупытэ хэха хуамыщIу зэрымыхъуэжьнум и щыхьэтщI КъБР-м и дин Iуэхущ1апIэ хэм я унафэщIхэмрэ Кьудей Арсенрэ я Iэр зыщIэлъ тхыгъэкIэ зэрызыхагъэзащ гъэзэгъэм щыIэ псомri.

УЭРЦОКЪУЭ Женя.

●Дэ къытхуатх

Щапхъэ трах

Ди зэман мытынышм къуажэдэсым и гурыгъу-гурыщIэхэмкIэ пIэлъэ зызыхуигъаззэр щыпсэу жылэм и унафэщIырщ. Ар епхьэлIа Iуэхум кьедгъэIуэфрэ уэзхищIыкIыну къэпсалъэмэ, куэд и уасэщ. Абы щыхум хуиIэ бгъэдахьэкIэм елъытауэщ дзыхьрэ нэмысрэ кьызэрыхуащIынур.

КъУАЖЭМ и псэукIэр ефIэкIуэным, дэтхэнэ зы цIыхури гулъытэншэу кьызэрымыняным хуолажьэ Кэнжэ кIуэуажэ администрацэм и унафэщI Пщыногъуэ Олег. Ар сыт и лъэныкъэкIи щапхъэ зытрах щIалэщ.

Куэд щIакъым Олег кьуажэм и Iэтащхьэ зэрагъэуврэ, ауэ а зэман кIэщIым абы хуэзфIэкIащ кьуажэдэсхэм я гум дыкъэн. Пщыногъуэр ящыщщ и пIэлъэм тебгъуэтэж унафэщIхэм.

ИгъащIэми къэкIуэкI кьуажэ Iэтащхьэхэм мылькур кьаймащIэкIрэ кьабгъэдыкьэ псоми зэрызыщIатэкъэм Iэмал ямыIэу. Абы къыхэкIыу кьуажэм сэбэп хуэхъун папщIэ, Пщыногъуэм кьегъэсэбэп зыгъэркIэ щIэгъэкъуэн кьыфIэкIу Iэмал зиIэ и ныбжьэгъуэхэри, и кьулыкъуэм и кьиубыд лъэкIыныгъэхэри.

ЦIыху щхьэхуэхэм зыкъызэрыхуагъазэхэмкIэ зэрадэIэпыкъуэм кьыдэкIуэу, Олег лэжьыгъэфI куэд щызэфIех кьуажэм. Ар Iэнатlэм щыпхырыкIащ псом япэу кьуажэм и лъэныкъуитIыр зэпызыщIэ лъэмыжыгъ зыхуей хуриГъэгъэзащ, уэздыгъэ пкъохэр щIигъэгъозагъэ, кажджыт бжэIупэр зэпэщ щыным, Щэнхабзэмкlэ унэр и кIэм нэгъэсным кьаруу Iуэхущ ирихьэлIащ. Абы и дэIэпыкъунигъэкIэ фокIадэм и 20-м кэнжадзэ щIалэгъуалэм папщIэ пшыхь дахэ, абы саугъэт лъапIэхэри зыпэмIуэ Iэмал зиIэ Iуэхуэгъэ хэту, кьызэригъэпэщащ. Апхуэдэ зэхъыхьэм ныбжьыщIэхэр нэхъри зэкъуэгъэкIуэ, гъэшхуэм я гъэпсыгъ

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Іуэху

● УпщІэхэмрэ жэуапхэмрэ

СыткІэ дахуей «тхьэгурымагъуэхэм»?

- Къаблыкым и Іэтащхьэ Идоменжиов Кирсан Москва и Рублевкэ хьэблэм щыІэу и автомашинэм зыгуэр кьыжьэхэуащ, хабзэхьумрэм егупъуу уэрамыр «хуагъэкъабзэ» пэтми. Сыт икІи хуэ сымэ щхьэкІэ гъуэгур щІыхьуащІыр?

Роппин В., *Москва область*

УФ-м и МВД-м гъуэгуэхэм я щынагъуэншагъэмкІэ и Департаментым и унафэщІым и къуэдзэ генерал-майор Кузин Владимир жеІэ:

- Урысейм и гъуэгуэгу щІэзэхуаущІыр къэралым ихьумапхьэ кьулыкъущІэщхьэхуэм папщІиущ. Хэт сымэ апхуэдэ гулыпитэ зыхуэщІыпхьэр? Мис ахэр: УФ-м и Президентыр, Правительствэм и Іэтащхьэр, Федерацэмкіэ Советымрэ Къэрал Думэмрэ я тхьэмадэхэр, Конституцэ, Верховнэ, Высшэ арбитражэ судхэм я унафэщІхэр, Урысейм и Прокурор нэхъыщхьэр. Хабзэхьумрэ зыхуэсакъыпхьэхэм ящыщІу хамэ къэралхэм я унафэщІхэу ди щІыпІэм щыхьэщІэхэр. Къэралым ихьумапхьэщ (Президентым и унафэхэлъ) УФ-м кулыкъущхьэ щыІыгъэхэр, федеральнэ кулыкъущІэхэр, Федерацэмкіэ Советым хэтхэр, Къэрал Думэм и депутатхэр.

- США-м укІуэныр нэхъ тынш ящІауэ жаІэ. Уи ІэнатІэр зытеть тхьылымпІэр пхьуэжьи щыхуейр зы ильэс дэкІа ноужьщ. Ауэ апхуэдизу щІащІри гурыІуэгъуэкъым - ильэсым кІуачІыдзу ди ІэнатІэр ноужьщІ хъур?

Лискин Е., *Дон Іуфэ Іус Ростов*

ТхакІуэ-сатирик Коклюшкин Виктор и Іуэху епльыкІэм фыщыдгъэгъуэзэщ:

- Цыхуэ цІыкІуррш зи ІэпапІэрр, улахуэрр, псэупІэ уиэрр щІэх дыдэу зымахуэу жыфыр. «Уей-уей» жезыгъыІэхэм ящыщ куэдым яхуэзфОкІ ильэс къэс зэрахьуэкІыну зи гугъу тщІахэрр, я напэхэри (операцэ ирагъэщІуэр), я политикэ ІуэхущІафэхэри, Іулъхьэ къыІаххэм я мардэри. Американхэр шынэу къыщІэкІынущ, Урысейм Іулъхьэшхэр ирахуэм, абыхэм я деж зэрыхьынкІэ я экономикэр зІагъэхьэпэжкІэ.

США-м и посольствэм кьызэрыщыджаІамкІэ, ІэнапІэхэр щІэрыщІэу ягъэхьэзырыр щхьэщІэхьум техникэ щхьэусы- гъуэщ иІэр, биометрие дэфтэрхэр зэман кІыхькІэ Іуэщ зэрыщымытырщ, фае зэрыхьурщ.

- Урысей Олимп комитетым и президент Тягачев Леонид телевиденэм щытхъэусыхуэ зэхэсхащ, 2010 гъэм кІуэкІыну щІымахуэ зэхъэзэхуэхэм ди къэралым и спортсменхэр хуэмыхьэзыру жаІэу. Сыту пІэрэ кІуэныкъуэщІыхэр нэхъ щигъэнцІейтейр? НыкъуэсаныгъэхэмкІэ нэгъуэщІхэр игъэкъуэщІыну, сэыр зэрыкъуэцтакъуэмкІэ зиухеижьну хэмыту пІэрэ ар?

Карапетов Н., *Пятигорск*

